

GID POU PRAN MEDIKAMAN

Grenn **Mifeprex** (MIF-eh-prex) (mifepristone), li la pou itilizasyon oral

Li enfòmasyon sa yo avèk anpil atansyon anvan ou pran Mifeprex ak misoprostol. Enfòmasyon yo ap ede ou konprann kijan tretman an efikas. Gid sa a pou Pran Medikaman yo pa ranplase sa ou w ap di avèk pwofesyonèl swen sante ou.

Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen ta dwe konnen sou **Mifeprex**?

Pou ki sentòm mwen ta dwe konsène? Menmsi lakranc ak senyman se yon pati nou espere nan fen yon gwo sè, raman, kapab gen senyman ki ka menase lavi ou, enfeksyon, oswa lòt pwoblèm apre yon foskouch, avòtman nan operasyon, avòtman medikal, oswa akouchman. Li nesesè pou chèche jwenn swen medikal san pèdi tan nan sikontans sa yo. Enfeksyon grav lakòz lanmò nan yon kantite ka ki piti anpil. Pa gen enfòmasyon ki endike itilizasyon Mifeprex ak misoprostol te lakòz ka lanmò sa yo. Si ou gen nenpòt kesyon, enkyetid oswa pwoblèm, oswa si ou enkyete pou nenpòt reyakson negatif oswa sentòm, ou ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante ou. Ou kapab ekri nimewo telefòn pwofesyonèl swen sante ou la a _____.

Sonje pou kontakte pwofesyonèl swen sante ou san pèdi tan si ou gen nenpòt nan sa ki endike anba la a:

- Gwo Senyman.** Kontakte pwofesyonèl swen sante ou touswit si ou senyen ase pou tranpe nan de tanpon sanitè epè gwo dimansyon pa èdtan pandan dezèdtan youn-apre-lòt oswa si ou enkyete pou gwo senyman. Sou apeprè 1 fanm sou 100, senyman an kapab tèlman gwo sa egzije yon pwosedi chirijikal (aspirasyon chirijikal oswa D&C).
- Doulè Abdominal oswa "Santi Ou Malad."** Si ou gen doulè oswa malèz nan vant, oswa si ou "santi ou malad," tankou feblès, kèplen, vomisman, oswa dyare, avèk oswa san lafyèv, plis pase 24 èdtan apre ou pran misoprostol, ou ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante ou san dèle. Sentòm sa yo ka se yon siy enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm grav (tankou yon gwo sè ektopik, yon gwo sè deyò matris la).
- Lafyèv.** Nan jou ki vini apre tretman an, si ou gen yon lafyèv 100.4°F oswa pi fò ki dire plis pase 4 èdtan, ou ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante ou touswit. Lafyèv la ka se yon sentòm enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm grav.

Si ou kapab jwenn pwofesyonèl swen sante ou, ale nan saldijans lopital ki pi pre a. Pote Gid sa a pou Pran Medikaman an. Lè ou ale nan yon saldijans oswa nan klinik yon pwofesyonèl swen sante ki pa t ba ou Mifeprex ou, ou ta dwe ba li Gid pou Pran Medikaman an pou li kapab konprann ou fè yon avòtman medikal avèk Mifeprex.

Sa pou fè si ou toujou ansent apre ou itilize tretman misoprostol. Si ou toujou ansent, pwofesyonèl swen sante ou ap pale avèk ou sou yon pwosedi chirijikal pou mete yon pwen final nan gwo sè ou. Nan anpil ka, pwosedi chirijikal sa a kapab fèt nan biwo/klinik lan. Nou pa konnen chans pou gen malfòmasyon nan akouchman si gwo sè la pa sispann.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Anvan ou pran Mifeprex, ou ta dwe li Gid sa a pou Pran Medikaman an epi oumenm ak pwofesyonèl swen sante ou ta dwe diskite sou avantaj ak risk ki genyen pou itilize Mifeprex.

Kisa Mifeprex ye?

Yo itilize Mifeprex nan yon rejim avèk yon lòt medikaman sou preskripsyon ki rele misoprostol, pou sispann yon gwochè bonè. Gwochè bonè vle di li gen 70 jou (10 semèn) oswa mwens depi dènye fwa règ ou te kòmanse. Yo pa apwouve Mifeprex pou sispann gwochè ki pi avanse. Mifeprex bloke yon òmòn ki nesesè pou gwochè ou kontinye. Lè ou itilize Mifeprex nan Jou 1, ou bezwen pran yon lòt medikaman tou ki rele misoprostol 24 a 48 èdtan apre ou pran Mifeprex, pou lakòz gwochè la pase nan matris la.

Gwochè gen chans pou pase nan matris ou nan 2 a 24 èdtan apre ou pran Mifeprex ak misoprostol. Lè gwochè la pase nan matris la, w ap gen senyman ak lakranp k ap ka pi gwo pase règ ou abitye genyen. Apeprè 2 a 7 sou 100 fanm ki pran Mifeprex ap bezwen yon pwosedi chirijikal paske gwochè la pa t pase nèt nan matris la oswa li pa t sispann senyman an.

Kimoun ki pa ta dwe pran Mifeprex?

Kèk fanm pa ta dwe pran Mifeprex. Pa pran Mifeprex si:

- Ou gen yon gwochè ki plis pase 70 jou (10 semèn). Pwofesyonèl swen sante ou ka fè yon egzamen klinik, yon egzamen iltrason, oswa lòt tès pou detèmine depi konbyen tan ou nan gwochè la.
- W ap itilize yon IUD (aparèy oswa sistèm esterilè). Ou dwe retire li anvan ou pran Mifeprex.
- Pwofesyonèl swen sante ou te di ou gen yon gwochè deyò matris ou (gwochè ektopik).
- Ou gen pwoblèm avèk glann sirenal (ensifizans sirenal kwonik).
- W ap pran yon medikaman pou fè san ou vin pi likid.
- Ou gen yon pwoblèm senyman.
- Ou gen pòfiri.
- W ap pran sèten medikaman estewoyid.
- Ou fè alèji ak mifepristone, misoprostol, oswa medikaman ki gen misoprostol, tankou Cytotec oswa Arthrotec.

Mande pwofesyonèl swen sante ou si ou pa byen konnen tout pwoblèm medikal ou yo anvan ou pran medikaman sa a pou konnen si ou kapab pran Mifeprex.

Kisa mwen ta dwe di pwofesyonèl swen sante mwen anvan mwen pran Mifeprex?

Anvan ou pran Mifeprex, fè pwofesyonèl swen sante ou konnen si ou:

- pa kapab retounen nan klinik li apeprè 7 a 14 jou apre premye vizit ou
 - w ap bay tibebe tete. Mifeprex ka pase nan lèt manman. Nou pa konnen efè Mifeprex ak rejim misoprostol sou tibebe ki nan tete oswa sou pwodiksyon lèt manman.
 - w ap pran medikaman, tankou medikaman yo vann avèk sou preskripsyon ak medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, ak sipleman remèd fèy.
- Mifeprex ak sèten lòt medikaman ka afekte youn ak lòt si ou itilize yo ansanm. Sa kapab lakòz reyaksyon negatif.

Kijan mwen ta dwe pran Mifeprex?

- Yon pwofesyonèl swen sante ap ba ou Mifeprex nan yon klinik, yon klinik medikal oswa lopital.
- Oumenm ak pwofesyonèl swen sante ou ap planifye kote ki pi apwopriye pou ou pou pran misoprostol, paske li ka lakòz senyman, lakranp, kèplen, dyare, ak lòt sentòm ki kòmanse souvan nan 2 a 24 èdtan apre ou pran li.
- Pifò fanm yo ap pase gwosès la nan 2 a 24 èdtan apre yo pran gress misoprostol.

Swiv enstwiksyon ki anba la a sou fason pou pran Mifeprex ak misoprostol:


Mifeprex (1 gress) pou bwè + misoprostol (4 gress) pou bwè

Jou 1:

- Pran 1 gress Mifeprex nan bouch.
- Pwofesyonèl swen sante ou ap swa ba ou oswa preskri ou 4 gress misoprostol pou pran 24 a 48 èdtan pita.

24 a 48 èdtan apre ou pran Mifeprex:

- Mete 2 gress misoprostol nan chak andedan jou bouch ou (zòn ki ant dan yo ak jou a - gade Figi A) pandan 30 minit epi answit vale nenpòt sa ki rete avèk yon vè dlo oswa yon lòt likid.
- Medikaman yo ka pa efikas si ou pran misoprostol anvan 24 èdtan apre ou pran Mifeprex oswa pita pase 48 èdtan apre ou pran Mifeprex.
- Misoprostol kapab souvan lakòz lakranp, kèplen, dyare, ak lòt sentòm. Pwofesyonèl swen sante ou ka voye ou lakay ou avèk medikaman pou sentòm sa yo.



Figi A (2 gress ant jou goch ou ak jansiv ou epi 2 gress ant jou dwat ou ak jansiv ou).

Evalyasyon Siplemantè nan Jou 7 jiska 14:

- Evalyasyon siplemantè sa a enpòtan anpil. Ou dwe retounen wè pwofesyonèl swen sante ou nan apeprè 7 a 14 jou apre ou pran Mifeprex pou asire ou anfòm epitou pou asire si ou te gen senyman ak si gwosès la te pase nan matris ou.
- Pwofesyonèl swen sante ou ap evalye si gwosès ou pase nan matris ou. Si gwosès ou kontinye, nou pa konnen chans pou ka gen malfòmasyon nan nesans tibebe ou. Si ou toujou ansent, pwofesyonèl swen sante ou ap pale avèk ou sou yon pwosedi chirijikal pou mete yon pwen final nan gwosès ou.
- Si gwosès ou sispann, men li pokò pase nan matris ou nèt, pwofesyonèl swen sante ou ap pale avèk ou sou lòt chwa ou genyen, tankou pou rete tann, pou pran yon lòt dòz misoprostol, oswa pou fè yon pwosedi chirijikal pou vide matris ou.

Kilè mwen ta dwe kòmanse metòd kontrasepsyon?

Ou kapab vin ansent ankò touswit apre gwosès ou sispann. Si ou pa vle vin ansent ankò, kòmanse itilize metòd kontrasepsyon an imedyatman gwosès ou fini oswa anvan ou kòmanse nan aktivite seksyèl ankò.

Kisa mwen ta dwe evite pandan m ap pran Mifeprex ak misoprostol?

Pa pran okenn lòt medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon (tankou remèd fèy oswa sipleman) nenpòt lè pandan peryòd tretman an san ou pa poze pwofesyonèl swen sante ou kesyon anvan sou yo paske y ka nuizib pou tretman an. Poze pwofesyonèl swen sante ou kesyon sou ki medikaman ou kapab pran pou doulè ak lòt reyakson negatif yo.

Ki reyakson negatif posib ki genyen pou Mifeprex ak misoprostol?

Mifeprex ka lakòz reyakson negatif grav. Gade "Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen ta dwe konnen sou Mifeprex?"

Lakranc ak senyman. Nou prevwa lakranc ak senyman vajinal avèk tretman sa a. Anjeneral, sentòm sa yo vle di tretman an efikas. Men pafwa, ou kapab gen lakranc ak senyman epi ou toujou ansent. Se rezon sa a ki fè ou dwe retounen wè pwofesyonèl swen sante ou nan apeprè 7 a 14 jou apre ou pran Mifeprex. Gade "Kijan mwen ta dwe pran Mifeprex?" pou jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon siplemantè ou.

Si ou poko senyen apre ou pran Mifeprex, ou pètèt ap kòmanse senyen lè ou pran misoprostol, medikaman ou pran 24 a 48 èdtan apre Mifeprex. Nou kapab prevwa senyman oswa tach san pou yon mwayèn 9 a 16 jou epi li ka dire apeprè 30 jou. Senyman ou ka sanble avèk, oswa pi gwo pase, yon peryòd gwo senyman nòmal. Ou ka senyen kayo san ak tisi. Se yon pati nou prevwa nan pasaj gwosès la.

Men kèk nan reyakson negatif tretman Mifeprex ki pi komen: kèplèn, feblès, lafyèv/frison, vomisman, maltèt, dyare ak vètij. Pwofesyonèl swen sante ou ap fè ou konnen kijan pou kontwole nenpòt doulè oswa lòt reyakson negatif. Sa yo se pa tout reyakson negatif Mifeprex.

Rele pwofesyonèl swen sante ou pou jwenn konsèy medikal sou nenpòt reyakson negatif ki nui ou oswa ki pa ale. Ou ka rapòte reyakson negatif yo ba FDA nan nimewo 1-800-FDA-1088.

Enfòmasyon jeneral sou itilizasyon pwoteje ak efikas Mifeprex.

Doktè preskri medikaman yo pafwa pou rezon ki pa sa ki endike nan yon Gid pou Pran yon Medikaman. Gid sa a pou Pran Medikaman rezime enfòmasyon ki pi enpòtan sou Mifeprex. Sou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Ou ka mande pwofesyonèl swen sante ou enfòmasyon sou Mifeprex ki ekri pou pwofesyonèl swen sante yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Mifeprex, ale sou sitwèb www.earlyoptionpill.com oswa rele nimewo 1-877-4 Early Option (1-877-432-7596).

Fabrike pou: *Danco Laboratories, LLC*

P.O. Box 4816

New York, NY 10185

1-877-4 Early Option (1-877-432-7596) www.earlyoptionpill.com

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (U.S. Food and Drug Administration) apwouve Gid sa a pou Pran Medikaman. Apwobasyon mwa mas 2016